

Tanpri mete temwayaj sa a ke prèt aje Fr. John Mulloy te fè a nan bilten w yo pou fen semèn 17/18 desanm, 24/25 desanm, ak 31 desanm/1^{ye} janvye. Epi sonje pou w li anons kout yo pandan lamès pou raple pawasyen w yo ki kote yo ka jwenn mesaj espesyal Fr. Mulloy sa a.

Depi jou òdinasyon mwen an, gen plis pase 50 lane, Mwen te rekonesan dèske Bondye te rele m nan prèttriz la. Nan pran angajman pou sèvi bezwen lòt moun kòm yon Sakreman vivan nan prezans Bondye se yon privilèj espesyal. Sepandan, li souvan pa kite anpil tan pou swen pwòp tèt ou. Pou mwen ak plis pase 500 lòt prèt dyosèz aktif ak aje yo, swen pwòp tèt nou vin pi fasil epi vin pi natirèl gras a sipò Clergy Trust (Fon Klèje) a.

Sipò sa a te vin parèt klè pou mwen dèzane de sa, pandan M tap fè espò ski nan yon lòt eta, Mwen te gen yon ensidan kadyak. Tout swen ke M te resevwa yo te kouvri pa Clergy Trust (Fon Klèje). Se te yon gwo soulajman! Kounye a, antan ke yon prèt ki aje k ap fè fas ak defi sante k ap pwogrese, Mwen te antre nan Rezidans Regina Cleri nan Boston. Kominote sa a te ban mwen plis lajwa epi li kite plis lapè lespri ke mwen ta janm imajine.

Jesyon Regina Cleri se jis youn nan twa pwogram Clergy Trust (Fon Klèje) a bay prèt ki an règ yo. Ekip Swen Dedye a disponib nan nenpòt ki lè pou bay konsèy avèk sipò pou swen sante oswa byennèt, epi Intentional Living Program (Pwogram Viv Entansyonèl) la founi resous, seminè, ak kominikasyon pou ede nou kenbe sante nou.

Depi òdinasyon rive nan moman ke Bondye rele nou lakay li, Clergy Trust (Fon Klèje) a pran swen nou. Jenerozite w anvè koleksyon pawas la pou Nwèl sa a pral pèmèt Clergy Trust (Fon Klèje) a kontinye akonpli misyon li pou nou kapab kontinye akonpli misyon pa nou pou sèvi Kris la ak oumenm. Nan non frè m yo nan Kris, mèsi. Ke Bondye beni kè jenere yo. Tanpri pase yon Nwèl ki beni.